Nomer 45 | Salasa 4 Mei 1925 (11 Sawal 1343) | Taoen ka 1

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.

Djawa wetan:
Blaoeran G II No. 33a
Soerabaja.

LANGGANAN.
Langmirahna dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Wartos ti Directie.

Hatoer noehoen ka noe parantos ngintoen artos langganan. Sapalih langganan teu atjan njoemponan kawadjibanana, artos langganan kwartaal kadoea (April-Juni) teu atjan dikintoenkeun. Sasih Mei mah oeloh henteu njoehoenkeun diperloekeun, Sip. bilih kirang ongkos.

Djoeragan-djoeragan sanes langganan noe nampi Sip. No. 44 moegi kersa ngintoenkeun artos langganan, oepami eta s. k. henteu diwangsoelkeun deui, margi djoeragan dianggap langganan.

Directie Sip.

## Ngabarempagkeun hal robahan paparentahan Indonesia

Dina wengi Rebo ping 24 Maart 1925 diadawis lid Bestuur pakempelan B. O. tjab. Bandoeng sareng „Pasoendan" koe pangadjakna toean Ir. F. L. P. G. Fournier (N. I. V. B.) parantos ngadamel kempelan di Ardjoenaschool, maksadna ngabadantenkeun tina bab „Bestuurshervorming".

Kinten taboeh 7 kempelan koe Toean Fournier diboeka.

Andjeunna nerangkeun kaajaanana Provinciale raad, College van gedeputeerden sareng Regentschapsraad.

Doepi bestuur provincie teh, nja eta:
1 provinciale raad.
2 College van gedeputeerden sareng
3 Gouverneur.

Sabagian tina lid lid provincialen raad dipilihna koe rajat, noe sabagian deui diangkat (dibenoem) koe Gouverneur - Generaal, kalawan adviesna Raad van Nederlandsch-Indië.

Noe djadi elidna teh:

Sapalih oerang Walanda (Nederlanders)

Sapalih oerang Indonesia (niet Nederlanden van inheemschen oorsprong)

Sapalih bangsa asing (niet Nederlander van vreemde oorsprong).

Sarta kedah lalaki tetep matoehna di Hindia Nederland sareng di lebet wewengkon provincie, joeswa teu kirang ti 25 taoen, tjekap pangartosna tina basa Walanda bebas tina hoekoeman ditjabkeun hakna barta bandana koe hakim, atanapi kakawasaanana sareng hakna noe sanes, (s. p. disita).

Lamina zitting pikeun 4 taoen, namoeng kenging dipilih deui.

Saha noe diangkat koe G. G. djadi lid, dina lebet 4 minggoe ti wangkid nampi benoeman kedah ngoendjoekkeun koe serat ka G. G. sanggem henteuna diangkat elid- oepami dina lebet 4 minggoe henteu nerangkeun poeroen henteuna dianggep henteu nampi kana eta benoeman. Nja kitoe noe dipilih kana elid oge (gekozen) dina lebet 4 minggoe teh kedah ngawartosan ka Voorzitter stemkantoor.

Elid kenging declaratie (oeang djalan sareng neda) pikeun kana kempelan raad atanapi Commissie, sareng tiasa kenging artos-zitting.

College van gedeputeerden teh babakoena noe djadi pagawe sadidinten di provincie (Ministerie der provincie), seueurna elid doea atanapi paling seueur genep sarta dipilihna ti antawis lid provinciale raad.

Padamelanana: ngangkat, ngalepas sareng ngatoer gadjih gadjihna amtenaar noe didamel di provincie, kadjabi noe parantos dipasrahkeun ka noe sanes (s. p. dilebet Regentschap koe regentschapsraad sareng college van gecommitteerden).

Doepi noe djadi bestuur Regentschap, nja eta:
1 regentschapsraad.
2 college van gecommitteerden sareng
3 regent.

Menggah kaajaan elid-elidna No. 1 sami sareng kaajaan elid provincialen raad, nja eta bangsa noe tiloe tea, sapalih dibenoem sapalih dipilih, namoeng dibenoemna sanes koe G. G. ieu mah koe Gouverneur.

Noe tiasa dipilih kedah lalaki sarta matoeh di wewengkon eta Regentschap, joeswa teu kirang ti 25 taoen, sareng kedah tiasa njerat koe aksara Walanda (djadi teu kedah tiasa basa Walanda) s. d. ti eta. Lamina zitting oge sami 4 taoen sareng kenging dipilih deui.

College van gecommitteerden babakoena noe djadi pagawe sadidintea di regentschap, diangkatna koe college van gedeputeerden ti antawis elid elidna regentschap. Doepi noe djadi voorzitter eta college voorzitter-Regentschap, elid-elidna ditangtoskeun namoeng sakirang-kirangna dea.

Voorzitter regentschapsraad teh nja eta regent atanapi wawakilna: patih

Kawadjibanana Regent ngadjagi soepados sadaja ontwerp (rarantjang) raadsverordeningen (oendang-oendang) sareng begrooting (waragad raad) kalawan nganggo katerangan basana sorangan (Soenda) atanapi malajoe di kantorna atanapi kantoran district-district (kawadanaan) kabatja koe oenggal djalma noe aja di eta regentschap, oge saha bae tiasa meser papagon-papagonna.

Kadjadi ti eta ngadjalankeun bisloeit bisloeit regentschapsraad sareng „college van gecommitteerden" anoe dipasrahkeun ka andjeunna (iwal noe ngarempag kana rengrengan provincie).

Wangsoel deui kana provincialen sareng regentschapsraad; noemoetkeun poetoesan Pamarentah ngatoer milihna pielideun teh kedah koe sabangsa sabangsana deui, hartosna oerang Walanda koe Walanda, Indonesiër koe bangsana deui.

Toean Fournier teu kinten teu panoedjoeeunana kana ieu atoeran koe margi koe nganggo djalan ieu teh sadanget ajeuna tangtos bae abot ka katoehoe, andjeunna nembongkeun kahandjakalanana ka B. O. wireh kapengkoer waktos ieu hal dibarempagkeun parantos ngahaminan, doegi ka djadi kieu nakeekarna.

Regentschapsraad sabagian ageung elid-elidna teu bangsa Indonisier, babandinganana dina 7 elid teh kana 2 bangsa Walanda sareng 5 Indonisiër, koe margi eta aja pangharepan ageung pikeun oerang, asal bae apik enggoning milih pielideun teh.

Aja noe naros: pikeun noe gadoeh keneh sambetan belasting naha gadoeh hak milih toekang milih (kiesman)?

Djawab: Henteu kitoe-kieu margi noemoetkeun artikelna oge (artikel 2 Staatsblad 1024 No. 81) disebatkeun noe gadoeh hak milih kiesmanneu teh noe:

a. oemoerna 21 taoen ka loehoer (lalaki)
b. Gadoeh hak milih loerah
c. parantos dikeunaan atanapi bakal dikeunaan belasting nagara, provincie atanapi regentschap (teu disebatkeun parantos dibajar henteuna).

Saladjengna andjeunna nerangkeun jen atoeran milih teh ditetepkeun di hidji-hidji distrik, oenggal 500 djiwa di hidji kring desa kenging milih hidji kiesman (toekang milih), langkoeng ti 1000 = doea, langkoeng ti 1500 = tiloe saterasna.

Tadi di loehoer parantos diterangkeun jen enggoning milih kiesman teh kedah apik pisan, koe margi eta andjeunna njoehoenkeun pirempag ka sadajana, babakoena ka lid Bestuur „Pasoendan" wireh ieu robahan kadjantenan di t. Pasoendan (West Java) ti pajoen, koemaha ihtiarna sangkan tiasa kalaksanan noe diangen-angen koe oerang, ngemoetkeun sakieu santekna waktos, margi dina sasih Mei (1925) teh kedah parantos aja candidaat candidaatna pikeun kiesmanneu, ngajakean bakal lid Raad-kaboepaten (regentschapsraad) dina sasih Juli katiloena dinten Salasa.

Andjeunna naros: koemaha Pasoendan teh ngagadoehan tjabang dioenggal tempat?

Diwaler koe Djoer. S. Prawiraamidjaja (Vr. Pas.): Handjakal pisan henteu, doepi kapengker mah nja kaetang seueur, namoeng kapalihdieunakeun Pasoendan teh seueur pambenganana doegi ka ngarotan.

Toean Fournieur: Koe margi sakieu pentingna sae oerang badantenkeun deui bae ka pajoen, namoeng kedah diemoetkeun pisan ti ajeuna.

Djr. Praw: Koe emoetan djisim koering teu aja deui akalna pikeun ngilari djalan anoe gampil kadjabi ti oerang kedah njoehoenkeun toeloeng ka P. G. H. B, margi meh di oenggal tempat aja elidna.

Vergadering rempag pisan.

Toean Fournier njoehoenkeun ka sadajana anoe karempel soepados engke dina malem Slasa pajoen ping 30 Maart kareresa soemping deui njandak rentjang sareng ti P. G. H. B. kedah aja, sareng kedah diemoetkeun ti ajeuna standpunt oerang, pokona: „Koemaha ihtiar oerang noe leuwih gampang sangkan kahajang oerang (ja eta milih kiesman anoe bener) kalaksanakeun.

Saparantosna njarioskeun hal itoe ieu vergadering taboeh 9 ditoetoep kalawan hatoer noehoen ka noe karempel.

Wasalam

K. S. P.

1e. Secr. B. B. Pas.

## Raad Kaboepaten.

Ngawitan kaping 1 Januari 1926 Pasoendan (Djawa Koelon) didjadikeun hidji Provincie, dikapalaan koe hidji Gouverneur. Dajeuhna Provincie (tanah Pasoendan) tea di Batawi.* Koe ajana ieu Provincie sabagian kakawasaan Pamarentah Agoeng dipasrahkeun ka Gouverneur dibantoe koe Provinciale-Raad. (Raad Provincie). Ieu atoeran dina sasih Mei bakal dibarempagkeun di Bale Rajat (Volksraad) ladjeng koe Pamarentah ditetepkeun.

Perkawis ajana Provinciale Raad teu patos perloe ditjarioskeun langkoeng pandjang, margi milih lidna rada lami keneh.

Noe langkoeng perloe dikanjahokeun koe oerang saheulaanan koemaha prak-prakanana milih lid-lid Raad Kapoepaten. Di desa-desa oge manawi dina kempelan-kempelan parantos ditjarioskeun koemaha prak-prakanana milih Kiesman (djelema noe dipilih pikeun milih lid Raad Kaboepaten). Lid-lid Raad Kaboepaten henteu sadajana dipilih, nanging sawareh dibenoem koe Goepernoer.

Ajeuna bade ditjarioskeun pondokna dina prak-prakanana milih kiesman tea.

Dina sasih Mei 1925 ngawitan milih kiesman.

Oepami di eta desa djelemana kirang ti 500 milih kiesmanna hidji.

Langkoeng ti 500 (600 à 700. Oepamina) doegi ka 1000 milih kiesmanna doea. Ti 1000 doegi ka 1500 milih kiesmannna 3 sareng saladjeugna oenggal 500 à kirang woewoeh hidji kiesman.

Noe kenging milih kiesman tea nja eta djelema noe kenging milih loerah (koewoe).

Atoeranana milih kiesman henteu aja katetepanana eta mah noeroetkeun kabiasaan di satempat-satempatna bae. Ngan milihna dirasiahkeun.

Noe beunang dipilih djadi kiesman, nja eta oerang desa eta, oepamana oerang desa Kantji milih hidji djelema lalaki oerang desa Kantji, noe bisa noelis djeung matja sarta oemoerna geus 25 taoen. Memeh milih tea tangtoe oerang teh koedoe mikir heula saha noe baris bisa à njaho pielideun Raad Kaboepaten, noe bisa sarta daek djadi oetoesanana oerang desa di R. Kaboepaten.

Anoe leuwih hese pagaweanana nja eta kiesman. Kiesman di pakemitan distrik koedoe milih pikeun lid R. Kaboepaten. Katjida koedoe awasna noe djadi kiesman saha kira-kirana noe bisa sarta daek djadi lid R. Kab. tea. Tah di dinja hesena teh. Ka saha kira kirana oerang desa mertjajakeunana pikeun ngoeroes kaperloeanana di Raad Kab.

Noe dipilih djadi lid R. Kab. teu kedah oerang distrik eta, asal bae oerang kaboepaten eta, djadi oepamina kiesman desa Tjimerak kenging milih oerang Bandjar à oerang Tasikmalaja pikeun lid R. Kab. Samemeh milih lid R. Kab. tea, kiesman-kiesman beunang njieun tjalon (Candidaat) lid R. Kab. tea. Oepamina bae kieu: kiesman-kiesman distrik Tjiawi kenging milih doea lid R. Kab. Tasikmalaja.

Kiesman-kiesman tea njieun hidji soerat dieusian koe ngaran djelema noe tjek timbanganana kiesman tea menta soepaja dipilih koe kiesman kiesman noe sedjen pikeun lid R. K.

Eta soerat ngaranna Candidatenlijst. Reana ngaran tjalon lid tea beunang doea kalieun reana lid noe beunang dipilih koe eta distrik. Eta Candidatenlijst tea koedoe ditanda koe tiloe kiesman. Djadi oepamana kiesman A, B, C. njieun Candidaat di distrik Tjiawi 4 sabab Tjiawi beunang milih 2 lid. Kiesman W, D, S. njieun Candidatenlijst 4 djelema noe sedjen deui s. s. t.

Toeloej koe kapala distrik ditoeliskeun sarta dibedjakeun saha candidaat-candidaat di eta distrik.

Ladjeng dina waktosna noe parantos ditetepkeun di distrik eta aja pilihan lid Raad Kab. Ieu oge milihna kedah dirasiahkeun pisan.

Tah sakieu bae heula pondokna atoeran milih lid R. Kaboepaten.

Ajeuna Pamarentah parantos masihan R. Kaboepaten, kantoen oerangna koedoe nembongkeun, jen oerang bisa sareng daek teu ngingetkeun kana karoegian saeutik djeung katjape pikeun ngoeroeskeun kaperloean oerang sarerea di R. Kaboepaten tea. Oerang koedoe enja enja digawe soepaja Raad Kab. djadi R. Kaboepaten enjaan, sabab oepama oerang kieu sangeuk kitoe sangeuk, kadjeunan, sarta mikir ah keun saha bae noe djadi lid R. Kaboepaten, djadi oerang saroea bae djeung atah keneh pikeun nampa Raad Kab. tea. Ieu R. K. masi pertjobaan keneh, oepama di Pasoendan teu bisa djalan noe sabenerna tangtoe robahan paparentahan Indonesia moal bisa didjalankeun teroes.

Koe ajana Raad Provincie sareng Raad Kaboepaten sami sareng oerang koe Pamarentah dipasihan sakola keur oerang diadjar ngoeroes kaperloean oerang sorangan sareng lemah tjai oerang.

Soepados dina pilihan lid R. K. langkoeng beres katjida saena oerang ti ajeuna ngawitan ngadegkeun kiesvereeniging (pagoejoeban toekang milih). Malah „Pasoendan" oge gadoeh maksad bade ngadamel „Kiesvereeniging Pasoendan."

Dina waktos pilihan oenggal kiesvereeniging mere njaho saha noe didjieun Candidaat koe eta kiesvereeniging. Eta candidaat soepados dipilih koe sadaja noe sapoek sareng toedjoeanana kiesvereeniging tea. Moegi moegi bae Pasoendan Tjabang Tasik tiasa ngadegkeun eta kiesvereeniging samemeh na ngawitan aja pilihan lid R. Kaboepaten.

Mangga tembongkeun hodjah oerang.

Ajeuna oerang koe Pamarentah parantos dibere djalan pikeun diadjar ngoeroes bagbagan nagara sorangan Kahade adat kedoel, kadjeunan teu tjeehan ajeuna mah teu kenging pisan diantep emoetkeun jeu oerang hiroep teh perloe digawe keur kaperloean sorangan sareng kaperloean oerang sadaja.

A.

*) Masi voorstel keneh. Red.

## Bewara ti Verbondsbestuur.

### P. G. H. B.

Saderek-saderek Goeroe priboemi di Indonesia!

Koe lantaran serat-serat kabar Anggaota P. G. H. B nepangan para saderek anoe henteu njoempingan kempelan ageung ping 7 April 1925 di Djokja. Dina dinten eta parantos ditetepkeun ngadegna pameungkeut Goeroe-Goeroe Priboemi, nja eta hidji simpaj anoe koekoeh noe disebat **Perserikatan Goeroe-Goeroe Hindia Belanda (P. G. H. B.)**

Samemeh gadoeh orgaan sorangan koe perteeloenganana serat-serat kabar anoe nepikeun maksoed maksoed anoe ringkes bae:

1. Verbondsbestuur saheulaanan, anoe didjieun koe wakil-wakil Hoofdbestuur tina sadaja perserikatan Goeroe Goeroe didaramel satahoen lamina nja eta pikeun ngadamel Statuten sareng Huishoudelijk reglement anoe pikeun djadi sarat ngadegna ieu perserikatan. Genep kali Voorloopig verbondsbestuur ngabarempagkeun hal ieu.

II. Rarantjang Statuten sareng Huishoudelijk reglement djadi; ditjarioskeun rame koe noe ngadamelna (Verbondsbestuur) sasarengan sareng Hoofd bestuur tina sadaja perserikatan (dina 5 April) anoe samemehna geus pada barempag dina 4 April 1925.

III. Ti dinja ditjaritakeun dina alg. vergadering sakabeh perserikatan dina 6 April. Alg. vergadering ngamoepakatan hal noe ditjaritakeun (Statuten sareng huishoudelijk reglement).

IV. Sorena 6 April koempoel deui 12 anggaota verbond bestuur, njarita-

**Hiroep teh noe raos mah, nja eta noe tiasa ngadjalankeun sakapalaj!!**

keun pamenta-pamenta djeung tambahan masing-masing perserikatan. Koe djalan ieu djadi Statuten djeung Huishoudelijk reglement beresih.

V. Tanggal 7 April sakabeh perserikatan Hoofdbestuur - Hoofdbestuur djeung oerang loearan oge koempoel nja eta njaritakeun djeung ngadjadikeun Statuten tadi tea, ditetek bidji hidjina kalimah nepi ka beresna.

VI Ngabenoem 3 pikeun degelijksch bestuur.

a. Voorl. Verbond bestuur milih candidaat 3 djelema. Eta kadjadian samemeh koempoelan-koempoelan djadi koempoelanana.

b. Tanggal 5 April. Hoefdbestuur-Hoofdbestuur P. G. H. B. beuoeul, K. B., P. G. B., P. S. O., P. N. S. djeung H. K. B. S, nambah reana candidaat djadi 21, tapi sanggeus di ajak deui kari 7 candidaat, nja eta: Soepadmo Poerwokerto. A. W. Karjoso, Solo, Wignjasoemarto Wonosobo, Soetopo Solo, A. Soeardi Indramajoe, Kartodarmodjo Madioen, Soetadi Solo.

c. Ari noe milihna nja eta Voorl. verbondsbestuur, tinggal b. djeung sakabeh tjabang noe datang. wakil wakil tjabang P. G. H. B. lawas K. B, P. G. B. 11., P, S. O. 5, P. N. S. 17. P. G. H. B. 15, djeung H. K, S. B. 9

d. Pilihan kahidji. Ngan aja 3 tina antara 7, noe kapilih nja eta A. W. Karjoso, Soetopo djeung Soepadmo.

**Aja samboenganana tina H. B.**

## Lalamoenan.

Tjaang boelan opat welas kadjanarinakeun, sepi, tiiseun, djempek, tjombrek. . . . . . . .

Noe kakoeping ti kaler ti kidoel ngan saoekoer sora djangkrik tingriki 'tik. Hiliwir angin goenoeng ti pakidoelan, tjep njetjep kana badan, katjida raosna, katjida ni'matna, lir oepami saregot tjai ti tjikahoeripan keur noe ngeleuk halabhab!

Tjahjana boelan anoe terang gilang goemilang. sorotna bentang anoe tingkaretip di langit, maoeloe sotra paoel noe taboer koe inten sareng berlian.

Djoeragan! Sim koering sanes bangsa Philosoof noe tiasa nerangkeun naon margina noe mawi aja angin, aja boelan atanapi aja bentang. sim koering ngan saoekoer terang jen sadaja kaajaan, sadaja kadjadian teh sareng koedratna Allah, dadamelanana Pangeran, anoe welas toer asih ka oematna, ka mahloekna. Koe kaadilanana Andjeunna.

Namoeng sanes kaadilan-kaadilan noe dipidamel koe para Pangeran djaman kabehdieunakeun.

Ieu mah Pangeran noe adil saenjaenjana, tara maudang boeloe, mandang koelit. Nja kitoe deui kapalajna para Rossoel sadaja (oetoesanana Andjeunna) oerang teh koedoe silih pikanjaah ka papada - oemat, papada mahloek. Naastenliefde!

Henteu perloe aja rassenwaan, rassenstrijd sareng klassenstrijd.

Namoeng boektina djaman ajeuna koemaha?

Eh, deudeuh teuing! Manoesa silih teunggeul, silih bedil, silih paehan, tjariosna nganggo gas ratjoen sagala!

Toer noe djadi sabab taja lian ti rgan hajang aing-aingan. Aing seubeuh sia lapar, aing noe kawasa sia noe diparentah. Sagala ieu aing!

Pantes moen sarerea bakal djadi kapir teh! Naha para pinoendjoe! parantos lali kitoe kana pokpokanana, hidji boedjangga linoehoeng di Eropa (Luther):

„Verhoovaardig U. laat U versieren en opschikken. . . . . Wie echter meer of beter neemt, (dan hij geeft), dat is woeker en heeft geen dienst maar schade gedaan aan zijn naasten, gelijk met stelen en rooven gebeurt."

—o—

Sim koering moal tebih tebih neroeskeun noe di loehoer margi sok sieun katalandjoeran, toengtoengna djadi kirang sae. Dina waktos ieu sim koering keur resep kana lalamoenan ngaheningkeun ati, bari mikir mikir koemaha pisaeeunana enggoning oerang neangan kamadjoean.

Madjoe hajang, tapi ari madjoe tjara deungeun-deungeun kitoe mah, edas, teu kadoega. Margi piengkeunana nja moal tebih tjara noe parantos parantos. Papaseaan djeung babatoeran lantaran eusi beuteung, pareboet kapangkatan, paoenggoel-oenggoel, asal aing kadjeun sia.

Pikeun sim koering pribados narah ari madjoe-madjoe woengkoel eusi peroet bae mah. Sim koering mah nganggap kana tatali hoerip teh da nga i saoekoer „tali", saoekoer pibekeleun keur neangan kasampoernaan. Isoek pageto eta tali aja pegatna. Ras emoet kana piwoeroekna Rathenan anoe sakitoe aloesna, ngan handjakal tara dihalartikeun:

„Wij zijn niet hier op deze aarde om er te bezitten, niet om er genot uit te oefenen, neen zelfs niet om gelukkig te zijn; maar wij zijn hier om de ontluiking zich te doen voltrekken van het goddelijke, dat geboren kan worden in den menschelijken geest."

Pisoendaeunana panginten:

„Oerang aja di doenja teh lain rek teroes miboga doenja, lain rek neangan atawa njieun kakawasaan. samalah lain pisan rek ngadon senang senang, tapi oerang di dieu teh rek njampoernakeun kasampoernaanana Pangeran noe biasa kapanggih koe pangarti atawa dina lelemboetan oerang."

Jaktos pisan oerang salami oerang di doenja perloe ichtiar neangan tatali hoerip (pibekeleun hiroep) namoeng toch eta sanes hoofddoel, sanes ngan bade ngilari eta etana bae.

Dina Sipatahoenan parantos sering aja karangan karangan noe maksoedna neangan kamadjengan nganggo djalan Agama darigama. Memang sim koering oge panoedjoe.

Goesti Allah ngajakeun agama teh memang aja perloena, nja eta soepaja kalakoeanana sarta kamadjoeanana mahloekna bisa katoengtoen, bisa katjangreud teu ngabengbeos sakoemaha karepna, sakoemaha napsoena. Liefde tjinta, kasih ka papada sasama machlook.

Ngan kahade bisi kabobodo, ngakoe ngakoe rek ngamadjoekeun agama, tapi sabenerna rek nipoe. Een wolf in schapevacht!!!

poen S. d. H.

Samarang postmerk

## Nomer mopo.

Di Tjiamis anoe njekel sawah dessa ngaranna nomer.

Noe maraos tangtos seueur anoe teu atjan mafhoem hal kaajaan sawah² di bagian Tjiamis,

Di Tjiamis mah sawah² anoe dibogaan koe eusina (somah) diseboetna sawah dessa-Legana oge di oenggal² dessa meh saroea, koemaha rata-ratana waktoe dibagikeun bae; aja anoe rata-rata sabnoe aja noe rata-rata 200 toembak. Tah ieu noe njarekel sawah tea, baheula mah djadi kasenangan sabab waktoe eta sanggeusna panen pare sok dipalawidjaan koe roepa-roepa. Baheula pisan sok dipingentikeun koe pelak taroem, kabeh dieunakeun ngan oekoer koe hoei; djagong, bonteng kitoe oge ngan oekoer sakotak doea kotak, djadi teu matak tjoekoep kana nambah piwaragadeunana. Oepama aja anoe rada ngahadjakean sabagian dipalawidjaan; ahirna djadi ke i, (sorang) tjaina teu daek tjitjing. djadi oepama tempo disawahan deui djadi kasoesahan ongkosna koedoe gede. Keur mah di Tjiamis dina waktoe ieu kirang tjai, ieu anoe njekel sawah kieu keur anoe waloerat katjida beuratna sabab gede teuing waragadna. Geura mangga oerang terangkeun. Si Merta njekel sawah dessa klas I 250 toembak padjegna: padjeg sawah

| | |
|---|---|
| (landrente) | f 3 50 |
| padjegna hirdines | f 3.40 |
| pantjen satal oen | f 0,30 |
| moeroehkeun toenggoe bale ronda pipir bale satahoen | f 3.00 |
| kemit satahoen | f 0 25 |
| patoeng sasak | f 4.00 |
| „ bale desa | f 4.00 |
| „ masigit | f 6.00 |
| dangdan sasak djeung oeroeg 10 leundjeur awi a f 0.10 | f 1.00 |
| sedjen gawe pindjigan sataoen tara koerang ti | f 2 50 |
| garap djalan | f 1.50 |
| Djoemblah | f 29.45 |

ngagarap sawahna:

| | |
|---|---|
| ngabaladah njamboet 3 isoek | f 3,— |
| soegoehna | f 0 75 |
| ngambangkeun 2 isoek | f 2.— |
| soegoehna | f 0,50 |
| ngasakkeun 2 isoek | f 2.— |
| soegoehna | f 0.75 |
| tebar 50 kati bangsal | f 2.50 |
| ongkos (soegoeh) | f 0.50 |
| baboet soegoeh | f 1.— |
| taudoer soegoeh | f 1.— |
| ngarambet 10 djelema à 10 ct. | f 1,— |
| „ ka 2 4 djalma | f 0.40 |
| babad galeng 2 poë a f 0.15 | f 0 30 |

Djoemblah f 15,70 + f 29,45 = f 45,15

Beubeunangan tina sawah 250 toembak 4 toempoekan a $4 \times 2\frac{1}{2}$ pikoel = 10 pikoel, 1 pikoel bisa didjoeal f 5,— djadi ngan f 50 perakeun ditjaboet ongkos f 45,15 tinggal f 4,85 Toeh! kaoentoenganana tapi boga hoetang ka loemboeng dessa oeroet soegoeh tatamoe, sapikoel. Euh Merta njamos alias ngalamot tjoeroek,.

Sanggeus tetela taja oentoengna. Merta ngabarewos ka bapa I „Kop bae bapa, sawah kanomeran koering galeuh! katoet gawena f 80— da bapa mah seueur poetra sareng moal kadeseh koe piongkoseunana" Ah teu wani, keun bae f 40— mah" „Nja mangga bae'.' Tah ieu noe pantar kieu di oenggal kampoeng seueur sanadjan diseboet sawah dessa oge atawa dingaranan sawah kanomeran, keukeuh bae beunang dikoea-kieu. Ana kitoe atoeh benerna koemaha ari noe diseboet tanah dessa? Kapan tara dipadjegan, sanggeus Merta sawahna didjoeal f 40 ka bapa I. senang hiroepna eta ladang sawah anoe f 40 dipake njewa 250 toembak f 15— sataoen ongkosna ngan ongkos ngagarap teu make poendoet patoeng naon, ana kitoe mending njewa tinimbang ngabogaan sawah seseboetan sawah dessa (Nomer).

Oerang dessa.

**Panlámboeng.**

Ieu karangan ti oerang desa bawahan Tjiamis ngan dilereskeun basana sareng edjahanana saeutik-eutikeun.

Kangdjeng Dalem Bandoeng sareng Kdj. Dalem Batawa di Volksraad parantos njarioskeun kabeuratanana padjeg djelema leutik di desa sareng njoehoenkeun ka Pamarentah soepados padjeg si leutik dikirangan.

Tah, oepami Pamarentah teu kersa ngirangan padjeg si leutik, koemaha engke kadjadianana. Mending oepami sawahna kaleresan sae, nanging koemaha oepami koe hama. Het is een daad van wijs beleid, indien de Regeering zoo spoedig mogelijk de belastingdruk der Inl. bevolking vermindert.

**Red.**

## Vlootwet.

Vlootwet kahidji baheula ditarima, koe Volksraad, tapi koe tweede Kamer di Nederland ditolak. Datang deui rarantjang Vlootwet kadoea. Di Volksraad babakoena koe kaom P. E. B. eta vlootwet kadoea ditarima. Aja kabar ti Nederland, jen Ministerie ajeuna moal menta ngabarempoegkeun. eta vlootwet kadoea di tweede Kamer, lantaran siga sigana lid-lid tweede Kamer rea noe teu panoedjoe kana eta Vlootwet.

Oeroet Minister Financiën Toean de Geer, njarita di II de Kamer, ljen partij andjeunna Christelijk Historische Unie teu panoedjoe kana eta Vlootwet.

Tapi sanadjan eta Vlootwet teu dibarempoegkeun ajeuna di II de Kamer, tapi ka hareup oepama Ministerie euweuh robahanana, tangtoe eta Vlootwet djol deui bae. Bisana robah Ministerie, noeroetkeun reana lid-lid partij di II de Kamer. Moega moega dina pilihan taoen ieu 1925 di Nederland kaoem „Kentja" noe rada njaah ka Indonesia leuwih rea oetoesanana di II de Kamer batan kaoem katoehoe.

Aja pangharepan di Nederland kaoem kentja bisa njekel Pamarentah (njieun Ministerie). Djadi oepama kaom anti vlootwet leuwih rea oetoesanana batan noe panoedjoe, Vlootwet sigana bisa leungit.

## Masdjid Mangoenredja.

Njamboeng Soerat kabar Sipatahoenan No. 42 tanggal 14 April 1925. Artos hadiah anoe prantos katampi sareng woewoehna.

| | | |
|---|---|---|
| Asal ti pajoen djoemblahna | f | 972,11 |
| Ti Koesen dessa Mangoenredja | f | 3,— |
| „ Saonderdistrict Salawoe | f | $28,40^5$ |
| „ abdi-abdi dessa Sariwangi | f | 4,42 |
| „ „ „ Tjilampoeng hilir | f | 13,41 |
| „ „ „ Tjiawang | f | 3,00 |
| „ „ „ Nagrog | f | $10,10^5$ |
| „ „ „ Linggawangi | f | 3,00 |
| „ „ „ Soekaradja | f | $13,37^5$ |
| „ „ „ Djajaratoe | f | $5,63^5$ |
| „ „ „ Singawati | i | $4,14^5$ |
| „ Mas Soeparmawidjaja Loerah Mangoenredja | f | 11,00 |
| „ abdi-abdi dessa Tjirojom Taradjoe | f | $7,06^5$ |
| „ „ „ Rantjapakoe | f | $17,30^5$ |
| „ „ „ Sariwangi | f | 2,00 |
| „ „ „ Ardjasari | f | 4,34 |
| „ „ „ Tjiawang | f | 8,54 |
| „ „ „ Tjipakoe | f | $4,52^5$ |
| „ „ „ Djajaratoe | f | 2.35 |
| Djoemblah | f | 1113,43 |
| „ „ „ Tjikoenten | f | 3.00 |
| „ Noersai dessa Mangoenredja | f | 5,00 |
| „ Pasoendan sareng Sipatahoenan | f | 3,00 |
| „ abdi-abdi dessa Taradjoe | f | 35,25 |
| Ejoemblah | f | 1159,68 |

Soepados sadajana sami oeninga seepna artos kana eta Masdjid, troes djamban - djamban sareng koelahkoelahna namoeng masih teu atjan parantos keneh bae masih aja kakirangananana anoe perloe diomean, kasebat di handap ieu:

| | | |
|---|---|---|
| Meser kenteng | f | 178,80 |
| „ Semen batoe | f | 35,40 |
| „ Kai | f | 34,96 |
| „ Apoe | f | 42,50 |
| „ Seng | f | 546,00 |
| „ tihang beusi | f | 60,00 |
| „ baoed „ | f | 5,00 |
| „ Pakoe | f | 33,15 |
| „ Ter | f | 3.80 |
| „ bilik | f | 18.50 |
| „ tjet | f | 15,60 |
| „ batoe | f | 3,10 |
| Djoemblah | f | 976,81 |
| Ongkos² koeli $2\frac{1}{2}$ boelan | f | 750,00 |
| Djoemblah | f | 1726,81 |

Doepi tina sirkoelir sinareng ti Raden Hadji Aon f 105,— tina artos P. D. H. f 75,— sareng ti kas Negri djoemblah f 1159,68 ari seepna parantos f 1726.81.

Djadi hoetangna eta Masdjid dina nalika ieu f 567,13. Ari noe ngahoetangkeun nja eta Raden Hadji Aön.

Koe margi eta sadajana anoe sami mihawelas kana eta Masdjid moega disoehoenkeun ridlo galih masihan artos hadiah pakeun njoemponan kana hoetangna tea.

Bilih digaralih seep sakitoe teh sareng sakola Agama, sanes, eta mah misah deui, ieu mah estoe anoe dioeningakeun ka sadaja Masdjid woengkoel kaoelanoen.

Poen Loerah Mangoenredja

**Soeparmawidjaja.**

## Kotana Provincie Pasoendan.

Hoofdbestuur „Pasoendan" di Bandoeng parantos ngaloearkeun brochure (boekoe) kadoea tina perkara dajeuhna Provincie (nagara) Pasoendan.

Dina katja 9 disebatkeun: Di kota Bandoeng oerang ngarasa djadi hidji djeung babatoeran anoe asalna ti Djampang, Tjerebon, Banten djeung ti soeklakna ti sikloekna. Nja di dinja baris tembongna Pasoendan toelen teh sarta nja di dinja karoempoelna sakabeh kokodjo-kokodjo ti Sapasoendan noe baris nambahan elmoe djeung ngabersihan basana, anoe djadi pameungkeut rahajat."

Saha-saha noe panoedjoe kana Bandoeng kedah djadi kota „Nagara Pasoendan" disoehoenkeun soepados nawis dina lijst nee diiderkeun sareng dikintoenkeun ka mana-mana.

Brochure noe katiloe moal lami parantos, ladjeng dikintoen deui ka sakoeliah Pasoendan.

## Sela - Sela.

Antara djoeragan BAKRI Soeratmadja Sb. CONTRA djoeragan Wiratmadja Md

Atoe . . . . h!!! djoeragan djoeragan, eta paham resep, sareng henteu, kana bab poelitik timbangan anoe doif mah moal aja poetoesna, oepami bade papandjangan tea mah, ari margina sami-sami leresna moeng bae sanes djalan, sanes karep sanes paham, sanes barkat, sanes martabat, toer sanes babagianana; kawantoe bagdja teh sewang-sewangan, ibaratna: ari djoeragan Wm mah njandak djalan sarengat, doepi djoeragan Bk. mah njandakna djalan hakekat, tangtoe bae pasalingsingan samedang-samadikoengkang, oepami bade nganggo katrangan boekti-boekti saroepi anoe resep kana poelitik seueur anoe lebet ka BOEI atanapi diboeang, sawangsoelna anoe teu resep njepeng djalan poelitik oge seueur anoe nemahan boei boeang, malah gantoeng, roepina kari koemaha milik dirina bae palebah dinja mah djoeragan, sarat oelah ninggalkeun ihtijar.

Menggahing djalma anoe kasipatan rido ihlas mah kana nandang moesibat nja roes bae meureun, sawangsoelna anoe henteu kitoe tangtos teu raosna (ngarasoela) karoenja teuing koe noe parantos kenging moesibat, deudeuh 2222222.

Sareng oepami ningal djaman noe geus ditangtoekeun mah kana karep ngadjalankeun politik, teu kenging dihalang-halang koe oerang, keukeuh peuteukeuh, dipeupeuh ngeureujeuh, kawas noe weureu gogorowokan kadjeun peujeuh, babangoenan reup peuting braj beurang henteu seubeuh; basana oge diboei gimling, diboeang gandang, dirante kasep, balik tina hoekoeman ti batan kapok anggoer gawok; koemaha ari tjek anoe henteu resepeun?, jej baid teuing bet ngimpi ge diangir mandi taja ti karoehoenna, kitoe basana, djadi teu daekeun akoer eta 2 karep teu kenging digomeng - gomeng, noe kitoe - kitoe noe kieu-kieu, djiga-djigana noetoerkeun tjatoer ngarakrak oega, rek ngaramekeun ALAM DOENJA, tja tjakan anoe palalintèr oge bedjana di Eropa angger pagirang-girang tampian bae, aja anoe njeboet aloes beureum, aja anoe njeboet aloes hedjo moen hedjo tea mah, djadi sapangabogohnasapangabogohna, padahal beureum dina mangsi beureum mah nja sae, hedjo dina lemok mah nja sae, moeng sawangsoelna hedjo dina doeit tambaga mah disebat kotor, beureum dina badjoe bodas mah disebat kotor, mana atoeh noe disebat sae teh? manawi KAPERTJAJAAN djoeragan.

Ach wangsoel deui kapengker, eta hal ngadjalankeun poelitik ari diemoet-emoet oerang sadajana, sareng salamina asa teu tinggal ti djalan poelitik geura mangga manah, saroepi oerang mais ontjom disoerawoengan, poelitik oerang atanapi maksoed oerang, leungit baoe . . . . na, tinggal baoe soerawoengna eta sanes poelitik djoeragan: moeng doeka teuing atoeh, eta mah emoetan anoe sempit panemoena bae manawi teu lepat.

Pangapoenten djoeragan Wm, djisim koering timpah samemeh diserat di handap moega djoeragan teu djadi djoehal panggalih, sanes njatjad kana pangabogoh djoeragan, dina leresan saoer djoeragan hojong soegema, hiroep oelah di ganggoe batoer, eta manah anoe lintang oetami, moeng bae oepami djoeragan masih keneh kersa ngarantjana dina serat kabar, kantenan katingali, kaaos, koe soegri anoe ahli serat kabar, atoeh masih keneh bae djoeragan teh katimpah soegema kapentoeng pangganggoe batoer anoe henteu sami emoetanana sareng djoeragan, poenten poenten poenten.

Ajeuna pihatoer toedjoel ka djoeragan BAKRI, aaaaah eta djoeragan mah sok gantjang teuing njebat belewoek, anoa teu njepeng politik noe mana? atanapi saha? noe belewoek teh? moeng pangapoenten djoeragan moega teu djadi bendoe.

Sareng eta perkawis belewoek ari merenah mah nja sae bae, sapertos belewoek panjoesoet lampoe, balikanan koe sapoetangan kenging ngistrik nadjan bersih disebatna teu matoet (awon). Sareng moega diemoet andjing pareboet toelang ari daging koe djagal.

pangapoenten djoeragan sakalih.

**Moesa Djajakoesoemah**

Indihiang.

## Kota Bandjar.

Bandjar teh hidji tempat district anoe kaetang goreng hawana lantaran loba rantja loba reungit ngadjadikeun loba panjakit malaria djeung bologeun (patek). Tapi koe pitoeloengna Kangdjeng Gouvernement katambah djalma-djalma pangeusina geus rada loba noe pertjaja kana tarekahna Doctor kabehdieunakeun njarada ngoerangan oge.

Tapi koe pangemoet djisim koering sanadjan koe ajana tarekah Doctor pikeun kapajoenna moal sepi bae, kana ajana panjakit malaria geuning aja babasan „moeriang Bandjar"

Nja tiasa oge leungit, oepami ka kota Bandjar diajaan tjai hiroep, noe dina moesim halodo bisa malidkeun kokotor-kokotor. Tjik iraha atoeh djoeragan irrigatie, kota Bandjar teh ditjaianana?

Koe pangemoet djisim koering noe oemoer tatjan sabaraha lilana, pikeun pamarentah B. B. teu sepi sepi nea-

**Oepama oerang tjinta ka papada manoesa, biasana mah dipitjinta duei koe papada manoesa!**

gan pidjalanneunana ti djaman Kang djeng Aria Prawiradiningrat marhoem Bopati Tasikmalaja, pikeun njoengap ti Tjitandoej, geus sababaraha tempat tapi teu kadjadian keneh bae, malah geus aja noe sanggoep hidji Wadana nja eta noe djenengan djoeragan Mintaredja pamoekna di djaman barita, kontjara bisa ngadjadikeun solokan-solokan di Tanah Taradjoe nepi ka tjariosna pirang-pirang solokan anjar noe sakoemaha hesena tiasa djadi bae ratoesan baoe tambihna sawah anjar di eta district. Nja dipindahkeun ka Bandjar.

Tapi nembe bae naratas kaboedjeng diangkat Patih di Tasikmalaja, les deui bae teu kantos djadi. Kabehdieunakeun oge geus pirang-pirang Insinjoer noe parantos ngaronda neangan pisoengapaneun ti Tjitandoej ta pi nepi ka ajeuna taja naon-naon. Djisim koering oge sakaterang dioendjoekkeun ka eta toean jen ti Tjitandoej tangtos tiasa ngadamel soengapan moeng tangtos gede ongkosna.

Malah aja noe dikinten-meal sabaraha ongkosna nja eta ti Tjileuneur njoengap ti palebah katjamatan Bodjong ragrag ka Halte karangpoetjoeng, tapi kedah nalang di Tjitandoej palebah Tjawakwak doeka didangoe doeka henteu?

Dina taoen 1923 koe tarekahna djoeragan Rangga Soekarmadidjaja Wadana Bandjar tjariosna parantos mendak deui pikeun loeloemajanan njaian masigit Bandjar njoengap ti Goenoeng Babakan, ti palebah desa Siloeman tanah Tjiamis malah prantos dironda koe Kangdjeng Dalem Tasik, Tjiamis rawoeh Kangdjeng Assistent Resident. Ajeuna oge masih dipadjeng ngadamel soengapanana.

Tapi! elas iraha pidjadiennana? Lamoen diketrik koe desa Bandjar bae mah taksiran djisim koering tatjan kantenan aja boealna koe sataoen deui toeroeg-toeroeg manawi teu kenging ongkos ti nagri. Atoeh ari djalma kota teh koemaha? Meureun pada aroeninga ieuh tjampoer gadoeh toeroeg toeroeg loba losna.

Koe emoetan djisim koering noe bodo ari district teh indoeng lemboer djalma-djalma sadistrict eta, djadi meh sakabeh djalma dina waktoe aja kaperloean pada daratang, saperti di-na pasar aja rarameau koempoelan noe poegoeh dina waktoe nampa atawa bajar ka Bank meneran poë Djoemaah, dina moesim tigerat tjai rek woedoe oge hararese.

Geura mangga maranahan! lamoen district Bandjar djadi soeboer djadi kerta, saha noe kawentar? Sawangsoelna lamoen district Bandjar djorok atanapi kotor sanes pangeusina sadaja kabatawa kotor.

Tjik mangga oerang pada roemodjong kana kakertaan district Bandjar madjengkeun tjai teh sanes ageung gandjaranana? Soegan bae laoen laoen dipasihan toeloengan ti nagri.

Ieu mah da oepami dipidamel koe sakatjamatan oge moal kantos sapoë sewang. Komo teuing lamoen tjara baheula mah aja basa toegoer toendan kerid pintjid.

Bandjar sering pisan goentoer
Goentoer seueur teuing bandjir
Palawidja teu kadahar
Pare seueur noe moebadir.
Palebah desa Tjisaar.
Bandjarsari Soedikampir
Ari keur moesim tigerat
Soesoekan soemoer saraat
Sisi djalan ting djarepat
Oeroet peuting noe ngadoerat
Tjik mangga oerang padjengkeun
Solokan oerang djadikeun
Oelah soesah teuing pakeun
Eusi Bandjar bet tjitjingeun.

**L. Sitoebatoe.**

## Koropak.

S. D. H. Semarang. Mangga dilebetkeun hidji-hidji. Eta mah teu kedah diwangsoelkeun deui. Keun bae engke dibeberes.

A. M. Benda. Kantenan bae sanes tjektjekbotjek eta mah. Roepina sae nganggo djalan sanes bae, soepados langkoeng hasil ka djoeragan.

Vlieg Selekan. Ari njarioskeun kaajaan di desa sing rada terang soepados oelah sesah teuing mariosna. Noe kitoe mah roepina langkoeng sae oepami dibarempagkeun di desa bae, ladjeng oepami teu tiasa beres, oendjoekkeun ka noe ti pajoen.

G. Krw. Kedah diemoet-emoet heula, geuning tjek Bratanasena mah, kadjeun teuing badan sorangan, oepama salah dileboer moal boeroeng.

R. Pan. Pirakoe bae, mikangewa ka noe teu salah. Tjohi bae awaskeun naon kaawonanana. Hanas eta aja noe teu raos keur djoeragan atoeh eta mah minangka djadi panggeuing bae.

E. Pr. Djokja. Tjenah bade noeloeng. Geuning disoehoenkeun toeloengna njoehoenkeun dipangmeserkeun peso pangeureutan keretas teu aja bae wartosna. Tjing pangngilarikeun.

**A. a.**

## Proletar.

Redactie Sipatahoenan nampi s. k. Proletar dikaloearkeun sapoeloeh dinten sakali di Soerabaja. · Noe djadi Redaktoerna Moeso sareng Soedibjo. Ningal kana ngaranna oge parantos terang jen eta s. k. kaom Koeminis

—o—

## Ekonomia Kuriero.

Red. Sip. parantos nampi s. k. noe kasebat di loehoer. Basana noe dianggo „Esperanto" nja eta basa noe hajang dianggo koe djelema sadoenja Saha² noe bade langganan sae njeratan ka K. Wirjosaksono di Klaten.

—o—

## Tjoba Dapatkan!

Redacteur „Bintang Hindia" djr. Parada Harahap parantos ngaloearkeun boekoe noe dingaranan „Tjoba Dapatkan!" (Dari Reporter sampai djadi Directeur Hoofdredacteur). Tjariosna resep basana Malajoe sedeng. Pangaosna f 1,50.

Hatoer noehoen Red. Sip. parantos nampi eta boekoe ti Red. B. Hindia.

## Poelitik.

Moenggoeh djalma noe sanes ahli pergerakan tangtoe pisan tjarang noe oeningaeun naon ari hartina Poelitik. Tepikeun ka di kampoeng mah eta ketjap teh dipake babasan tjarita, tjontona: Saperti di noe kapalingan, tjenah: tjing Poelitik saha eta noe malingna? aja deui oepami di noe dagang, tjenah: tjing Poelitik sabraba hargana coprah di Tjiamis atawa di Bodjong? (sareng sabangsana seueur deui).

Padahal ari pihartieunana noe saenja-enjana mah sanes kitoe. Tapi mana-mana noe miloe oeloe bioeng nganjahokeun soeloek-beloekna paparentahan Nagara pikeun kaperloean hiroep sarerea (oemoem) tah eta noe kitoe ari saenja-enjana mah ngaran Poelitik teh.

Djadi palebah oerang noe djadi Rajatna memang hidji kawadjiban koedoe miloe nganjahokeun hal eta.

Noe matak ngadeg roepa-roepa pergerakan atawa pakoempoelan, saperti: Pasoendan, Boedi Oetomo, Sarikat Islam sareng sadjabi ti eta.

Tah eta pakoempoelan · pakoempoelan teh memang ngandoeng Poelitik, ngan dadasarna noe beda-beda teh, ari Pasoendan mah sareng Boedi Oetomo dadasarna kabangsaän (Nationalisme), noe ditoedjoe soepaja djadi Natie (bangsa noe oetama).

Ari S. I. mah (Sarikat Islam) dadasarna Agama nja eta: soepaja sakabeh oerang Islam saantero Doenja toendoek, taloek ka noe hidji, nja eta Allah Taäla.

Tah noe matak oerang teh koedoe lebet kana salasahidji Pergerakan noe ngandoeng Poelitik oelah sampe saperti Djr. Wiratmadja Manondjaja, keur waktos ngabalesan ka Djr: Bakri Soerabaja mani teu pisan ngadjenan kana pakoempoelan Poelitik teh, komo ka Sarikat Islam mah palebah dinja mah mani djiga pisan andjeuna teh djelema kadjennan? Tepikeun ka andjeunna (Djr. Wiratmadja) njarioskeun S. I. tjenah padjahkeun teh ari geus asoep S. I. mah sedjen taladjakna? (moal boa sabalikna mah?)

Enggal Djr. Bakri! geura Djawab oelah diantep!. bilih noelar ka noe sanes?

Wassalam
**E. Pr.**

# KABAR.

**(Tina s. k. Walanda)**

Opat kapal ti Rotterdam dimomotan goela mangkat ka Leningrad (kotana Roeslan.)

—o—

Dina soerat salabaran Secretaris Goeperemen kahidji diseboetkeun jen pangagoeng kahareup beunang mere onderstand (piteeloeng) ka ambtenaar priboemi djeung Tionghoa noe dischores pikeun sawatara lilana.

Ajeuna mah noe meunang onderstand kitoe teh, ngan ambtenaar Walanda bae.

—o—

Noe marogok di Drente (Nederland) riboet. Bestuur pagoejoeban garedja rekes ka Pamarentah soepaja ngajakeun atoeran keras. Toekang roti djeung djagal mogok. Koe sabab eta di Drente kakoerangan dahareun. Ti Duitschland noe marogok dibere pakarang. Toekang ngala veen (bangsa taneuh noe beunang dibeuleum) noe marogok rek ngarampog pakarang toko bedil di Emmen.

Hadena kadjaga manten bedil-bedil henteu bisa kareboet.

Burgerwachten (bangsa pradjoerit) ti Friesland djeung Drente daratang dina motil mawaan serdadoe. Di Barger Compascum djeung Roswinelerveen aja kahoeroean gede.

—o—

Doekoen lepoes di Den Haag dihoekoem 16 poë sabab manehna njeboetkeun boga titel Doctor.

Poë Salasa di Den Haag bakal aja pamogokan toekang adegan.

—o—


# HOTEL BANDOENG
## di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koeiem di HOTEL „BANDOENG" ditanggel bersih sareng resep. Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerder
1 **H. I. MAKSOEDI**

# „Kleermaker Atmawidjaja"
## BANDOENG
**Di Tjitapen Nomer 7 Tasikmalaja.**

Ieu merk anoe parantos kamashoer ti kapoengkoer kaanggo ti bareto padamelanana sae sareng enggal, toer ongkosna biasa.

Ajeuna parantos tjaket kana sasih Sijam, tangtos mendak lebaran, mangga geura enggal miwarang ngadamel raksoekan atanapi lantjingan bilih kasiangan,

Anoe sanget ngadjeng poen
2 **Atmawidjaja.**



# Preanger Chemicaliën Handel
## Tasikmalaja.
# Ontvangen:

Karel 1
Delftsche
Moortjes
La Semeuse

Sigaren

3

# H. I. S. PASOENDAN
## TASIKMALAJA.

Disoebsidie koe Goeperemen. Noe bade ngalebetkeun moerangkalih ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkalihna koe sepoehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 endjing).

4 **Schoolbestuur Pasoendan.**

**N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij**
# „INDONESIA'

**Kantor loeloegoe** **Bandoeng.**
**Bragaweg No. 37-39** **Telefoon No. 1135.**

Njaeta hidji pagoejoeban bab ngagolangkeun artos noe oerang priboemi, noe ajana pangpajeunna sareng pangloehoerna.

Margi
Diadegkeun koe Boemi oetra.
Dimodalan „ „ „
Ditoengtoen „ „ „
Dioeroes „ „ „
Keur kaperloean „ „

Nampi sagala roepi asoeransi djiwa sareng Studiebeursen (tjengtjelengan keur diadiar). Katerangan noe langkoeng paos moendoet ka Directie sareng agen-agen.
5

# „TJITAPENSCHE - WASSCHERIJ"
## Manondjajaweg 31 Tasikmalaja.

Ieu toekang minatoe anoe parantos kadjodjo koe para djoeragan prijantoen di Tasikmalaja anoe ahli ngaranggo, tina padamelanana beresih, netjis sareng enggal, toer ongkosna loemrah.

Salamina njajagikeun toekangna ngabantoeanan anggoan sareng ngawangsoelkeunana.

Sadaja langganan, ongkosna tiasa sasihan, disoehoenkeun koe rekening dina saaan seepna sasih Walanda.

Sageuj teu palaj njobian, teu palaj ngalanggan??
Saha anoe teu atjan njobian?? Mangga diantos.
6

# TOKO PASOENDAN
## STATIONSWEG 33.

Keretas djilid, roebak, kiat sae, kandel pangaos salambar 4 (opat) Cent. Enggal ngagaleuh.

Wawatjan Soeloek Pandji nembe medal pangos f 0.15 roepi-roepi saroeng geroesan anggoeun lebaran. enz.

Boekoe Hadis miradj K. Nabi f 1,— hidji.

7 Wawatjan Soeloek Aboenawas f 0,20


# IMPLIK-IMPLIK
## Nji Djoeminem.
### Koe K. M.
**Samboengan Sp. no. 44.**
**(Diwagel dipetik).**

Beh hidji boekoe leutik kandel djilidna karton kandel pisan koeleuheu, eusina aksara Arab goendoel ditoelis koe potlot, nja eta roepa-roepa tjatetan boetang pihoetang djeung sakoer noe perloe ditjatet saperti ngaranna toko-toko atawa Maatschappij anoe koe manehna sok dikiriman barang-barang hasil boemi, rada lila moekaanana beh manggih basa ekespor en imporet (Expotr en import).

„Tah ieu Goena tendjo maskape anoe sok dikiriman teh ekspor malah rea deui handelmaskapej anoe gede-gede, pasonden goederen onpangen apsender, tah ieu kabeh aja dina boekoe De koe, de tong, ik loop, ieu kabeh basa Walanda noe matak maraneh koedoe djaradi djelema palinter oge ambeh soegih teu kaelehkeun teuing koe deungeun." Madkaja rea deui matjana, basana Walanda tina notesna taksiran bae ngarasa agoel doemeh bisa noelis aksara Arab da aksara Walanda mah loepoet," nja kana basana mah sok radjeun timoe tina boeboeng koesan toeloej ditoeroen paranti njarita djeung noe teu barisa.

„Lain ieuh kami teh rek merih pati ka Empi lamoen geus djagdjag mah soekoe pangoeangkeun Hasim, kami aja pangaboetoeh, babakoena perloe aja noe rek dibadamikeun."

Anoe tiloean geus pada ngarti lamoen Madkaja nitah neang Hasim geus tangtoe aja karerepetna, tapi sarerea geus pada njangka tangtoe perkara rek nikah tea.

Memeh Ilhapi ngawalon pananjana Madkaja geus dipiheulaan tjarita koe Goena: „Oerang teh nja Hoeri, Empi, asa teu paroegoeh teu boga doenoengan djoeragan istri, sakalieun hajang tjianeut oge euweuh pentaaneun. iraha tea atoeh oerang teh nja?"

„His, ari Goena kapan aja Ijem ngopi ngopi bae mah, ke tempo satengah boelan deui, kami keur mikirmikir heula, noe matak ajeuna mah teang bae Hasim."

„Alah, na da abdi ge sanggem mangga piwarang naon oge keun koe maha abdi sageuj, naha pirakoe." Omong Goena, estoe ngabedil bae da panjangkana Madkuja teh tangtoe ditampik koe papatjanganana tea pedah boedak ngora.

Eta doegaan Goena meh meneran, tapi Madkaja sabisa-bisa rada njimboetan kaerana, omongna: „Wah, naon make koedoe soesah-soesah perkara eta mah ngan kami mah aja deui pasal sedjen."

„Hih abdi oge da teu terang, ngan eta bae bisi djoeragan aja kasesah naon² anoe dikinten bisa koe abdi teu kedah nitah ka noe sanes."

„Nja soekoer bae ari kitoe mah, nja aja oge taksiran kami menta toeloeng ka maneh, nja eta pedah maneh mah, bisa tjarita pertjeka rea omong; geura kieu;"

**(Aja samboenganana).**

**Ambek teu aja perloena, margi sami bae sareng mitjeunan tanaga oerang!!**

TOKO OBAT

# N. V. Internationale Apotheek en Commissie kantoor

**Kranggan Temanggoeng (Java).**

No. 35 „Minjak pelet" jaitoe seroepa minjak obat jang aneh dan djarang ada en amat bergoena voor orang lelaki . f 10,—

„ 36 „Bedak kalika asam" boeat penjakit koelit ilangken panoe koekoel djara watan boesik ketoehan enz. f 0,70 f 1,25

„Broeke Soap" saboen tjoetji, medja marmer krosi Meubels enz. à f 0,30 per stuks „QUIK" Obat Antie Baciel perloe digantoeng dikamar kakoes (Kamar 100) goedang kamar mandi kamar tidoer enz. per doos . . à f 2.50

„DI - BOLIQUE" Eaude Cologne 600% dia poenja kras dingin, mendjadi Anjesnja (Dinginnja) di Hindia kita sendiri arga . . . . . . . . . . à f 3,50

Lagi segala saboen wangi Capitola sandalwod Maschmejer Kezen-Botak, Wolf & Son, Carbol enz. arga matjem-matjem dan tanggoeng toelen

Botol „DELPHIN" boeat saring Aer, diantero tempat jang ada aer lantas bisa dapet aer bersi bening, tida takoet ada baciel lagi, binatang lemboet enz. per stuk . f 7.50

Engelsche kitlijm ada limpoeder boeat likin betoel barang petjahan dari glas kajoe poorselin enz. f 1,50 f 0.74

„Madoe mondrogoeno" perloe boeat anak-anak baji dan sakit panas batoek dan bole boeat makan roti thee dan lain-lain menoeroet orang poenja soeka sadja . . f 1,—

„Tabak-Saus" Minjak Tembako ini botol tjampoer dengen 50 kati tembako atawa daon tembako boeat cigaret of

8 sigaren lantas itoe sigaren haroem baoenja.

TOKO

Universeel Agentschap

# NIC MULLER

**Goenoengladoe No. 15**

**TASIKMALAJA**

Telefoon No. 26.

**Awas! Awas! Awas!**

**Model! Moerah! Sae!**

Sajagi roepi-roepi landong sapertos:
Landong gohgoj (kanggo moerangkalih sareng sepoeh, moerah).
Landong njeri waos (gampil dianggona).
Landong njeri kahampangan (roepi²).
Landong panjegah bobot, noe teu ngaresak salira sapertos landong sanes.
Obat tjatjing (keur moerangkalih à sepoeh).
Landong Sotja, ditanggel moestadjab.
Landong ngaleungitkeun ramboet dehe sae sareng gampil, teu njeri.
Landong intjok (raos).
Landong boedoeg (roepi-roepi).
Sareng seueur deui roepi-roepi landong.

**Awas! Awas! Awas!**

Poelas keur panganggo noe belel roepi-roepi sae teu kinteu, moerah model Awas obat palsoe ngarooksak salira !! Obat kenging ngagaleuh di filiaal atanapi ti noe ngider.

Hoermatna

22 **Nic Muller.**

# SIK DJOEN KWAN

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadiken kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sarenng senes-senen. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roeoi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koerikg kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeu waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Noe ngantos pesenan a saroempingna'

**SIK DJOEN KWAN**

18 Sarimbit.

# Toko Saderhana & Kleermakerij

DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELEN.

**STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA.**

Sajagi roepi-roepi panganggo istri pameget sareng moerangkalih, sapertos: selop; sapatoe, topi Kamedja, Pijama, saroeng-saroeng Palekat, Koetang, Kamedja istri, blouse. Rookartikelen.

Roepi-roepi lawon piraksoekaneun, roepi-roepi entjit partjis, soetra polos anggoeun kekemben sareng piraksoekaneun, roa deui barang-barang marodel, araneh, sarae, anoe sesah oepami ditataan hidji-hidjina. Sadaja pangaos ditanggel mirah.

Kadjabi ti ngitjalkeun barang-barang marodel, araneh, sarae teh, nampi padamelan kengkenan roepi-roepi anggoan istri pameget sareng moerangkalih, koemaha kapalaj? moal henteu kalaksanakeun, margi toekangna kenging milih anoe parantos kasohor radjinna, tangtos tiasa noemoetkeun sakapalaj toer ongkosna henteu awis deui.

Mangga boektikeun!!

Noe ngantos pesenan

9 **poen H. MAKSOEDI**

# BINTANG HINDIA

**Algemeen Geill. Weekblad**

Hoofdredactie

**Parada Harahap-Chia Chun Fong**

Redactrice: Anna Sjarif

Rubriek tetap berisi gambar dan artikel: Hindia tjantik, Djempolan Hindia, Literatuur, Kroniek (Buitenl. politiek), Sport, Dalam perdjalanan, Doenia film, Feuilleton, Doenia Isteri dan lain lain.

**Harga langganan f 2,25 sekwartaal**

Tempat advertentie jang paling baik, tarief pantas. - Mintalah proefnummer gratis.

**Adres: Bintang Hindia Weltevreden**

13

Poernama Alam ka 6 (tamat) pangaos f 1,—
Soeloek Pandji tamat pangaos f 0.15
Panggeuing ka baroedak f 0.15
Panoengtoen tembang alaiagoean f 0.15
Wawatjan Samaoen djaman K. Nabi f 0.45

Poleng Bandoeng

**Toko Pasoendan**

15 **Tasikmalaja Stationsweg 33.**

# „TOKO EMPANG"

**Awas! Oelah lali Awas!!**

Stationsweg Tasikmalaja.

Sajagi roepi-roepi panganggo KADINESAN, anggoeun PONGGAWA² DESSA, noemoetkeun atoeran ajeuna sapertos:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Stel raksoekan lautjingan bodas ti f 10,50 doegi ka | f 17,— |
| 1 | „ „ „ drill gading sareng bedjo ti f 10,— „ „ | f 14,— |
| 1 | Petji anggoeun Loerah complit . . . . . | f 12,— |
| 1 | Stel (7 kantjing) perak Letter D. . . . . | f 6,— |
| 1 | „ (7 „ ) nekel „ D. . . . . | f 3,50 |
| 1 | Pasang polet passement anggoeun Loerah . f 2,50 sareng | f 3,— |
| 1 | „ „ anggoeun Djoeroetoelis sareng Saterasna . . | f 0,70 |
| 1 | „ poetis . . . . . f 2,50 sareng | f 4,50 |
| 1 | „ Sepatoe pandjang koelit hideung (Las) nomer roepi-roepi f 7,50 sareng | f 10,— |

Oepami ngagaleuh Complit kenging potongan 7½%.

Bilih aja noe palaj nganggo Lawon Lena atanapi half Lena, pangaos sae badanten deui.

Hoermatna

19 **H. M. DJOEWAENI.**

10

**ENGGAL PESEN**

# Adres „Toko Soenda" Proewita Trisna

HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.



Nampi deui roepi-roepi djas hoedjan tina karet Waterfroef:

Model Prins Van Oranje poelas boeloe monjet nganggo ban a f 35.—

„ Prins op Wals warna sawo mateng zonder ban a f 30,—

„ Prinses Juliana roepi-roepi kleur kanggo istri a f 15,— t.m f 17,50

„ Biasa karet waterproof kanggo pameget poelas roepi-roepi pangaos tnai f 17,— f 15,50 f 20,— t.m f 22,50.



Roepi-roepi rantaj perak bakar diadoe manis soeasa, kantjing giwang kokot Perak, kantjing perak bakar marodel toer soeroep keur anggoweun oerang pasoendan.

Bagian sindjang kebat, kekemben miwah oedeng batik aloesan, kaloearan Solo, Djokja, Banjoemas, disajagikeun satjekapna panganggo keur oerang Priangan wetan

# SAKEDAP DEUI

Robahan atoeran nagara (Bestuurshervorming) bade didjalankeun!

Ajeuna ambtenaar-ambtenaar sadajana perjogi diadjar.

**Basa Walanda**

tina LEERBOEK, VOORBEELDENBOEK sareng WOORDENBOEK Walanda Soenda, nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda pikeun diadjar sorangan, henteu kalawan goeroe, anoe parantos kasohor tea.

Pangaosna ieu tiloe boekoe:
Franco di pos, ngintoen postwissel ti pajoen f 3.40. Rembours f 3.65.
Geura enggal pesen.

Oelah ngantosan lami.

**Pisi tinggaleun koe batoer!**

16 Hoermat noe ngarang

**L. A. LEZER.**

Tasikmalaja.

TOKO PALEKAT

# AMING ABDULHAMID

20 **P-SAR BAROE 88, BANDOENG.**

Sajagi roepi-roepi Saroeng palekat tjapKorsi, tjap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakiatanana, ditanggel teu tijasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.

Roepi-roepi saroeng Soetra, Samarenda, Poentianak, Rengganoe, Poleng damelan Priangan Poleng Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjoretna noemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. 1 sareng No. 2.

Roepi-roepi barang koeningan damelan Djogja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemedang. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model Kasoendan sareng Kadjawan, padamelan ditanggel sae.

Barang-barang noe kaselat di loehoer pangaos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:

**Toko Palekat, Tinoenan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij**

Pajoeneun Pasar Baroe pisan No. 88.

# TAN HOEN AUW

**Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.**

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Tina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha katemaosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

11 **TAN HOEN AUW**

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1924**

# Koek - en Banketbakkerij

**Fabriek**

**RADEN NATAMIHARDJA**

**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti njagikeun Koeweh-koeweh teh, ngawitan ti ping 20 Maart moeka deui (Restaurant) sajagi roepi aroteun, toeangeun, sesepeun, sareng boeah-boeah. Ditanggel bersih sareng njenangkeun kana panggalih, tempat sae toemaninah.

Noe ngantos

17 **Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

TOKO BOEKOE

# M. I. PRAWIRA - WINATA

**GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.**

Boekoe-boekoe noe diadjeng-adjeng ti kapoengkoer, ajeuna parantos sajagi, nja eta:

Basa Soenda.

| | |
|---|---|
| Wawatjan Poernama Alam I | „ 0,40 |
| idem II | „ 0,20 |
| idem III | „ 0,40 |
| idem IV | „ 0,50 |
| idem V | „ 0,50 |
| idem VI (tamat) | „ 1.— |
| Wawatjan Rangga - Woeloeng | „ 1,50 |
| Eulis Atjih | „ 0,30 |
| Wawatjan Hadis | „ 0.40 |
| Wawangsalan djeung sisindiran | „ 0.30 |
| Wawatjan Sama'oen (lalakon Arat) | „ 0.45 |
| Wawatjan Mikat oeang koe agama | „ 0,20 |

Basa Malajoe

| | |
|---|---|
| Hikajat Ali Baba | „ 0,75 |
| Baroe Ketaoean | „ 0,75 |
| Carmela. | „ 2,— |
| Kamoes Arab-Melajoe | „ 3,— |
| Rasia Harem. | „ 3,— |

Boekoe-boekoe noe kasebat di loehoer teu atjan dietang sareng ongkos ngintoenkeun.

23 Prijscourant teu kedah ngagaleuh.

Nampi pesenan roepi-roepi Costuum sareng roepi-roepi Pet Kadinesan anggoeun Prijaji B. B.

Sareng sajagi roepi-roepi ketoe oedeng model kadjawan (Solo atanapi Djokja)

# PAMANDANGAN

**DAGEN - DJOKJAKARTA.**

Dasi noe di damel tina batik teu kinten saena sadaja pesenan dikintoen Remb

Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum anggoeun Prijaji S. S. sareng ngitjal Pasmen

12 anggoeun Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)

**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**